

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG REKOMENDASI

#### 5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan téh dikasangkutangan ku perluna tarékah pikeun ngawanohkuen jeung nepikeun ajén-ajén atikan karakter dina carita dongéng. Sabab dongéng téh euyeub pisan ku rupa-rupa ajén atikan. Ku maca dongéng barudak bisa nyonto sikep nu hadé jeung nyingkaha sikep nu goréng. Ku kituna, dijadikeun bahan pangajaran maca dongéng sangkan bisa leuwih numuwuhkeun sikep jeung moral barudak dina nyanghareupan kahirupan.

Salian ti kitu, ieu panalungtikan ogè miboga tujuan pikeun nganalisis struktur carita dongéng *Dalem Boncél, Malin Kundang*, jeung *Nini Kudampai*, nu satuluyna struktur téh di analisis babandinganna. Nu pamungkas, hasil tina sakabéh analisis téh dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca dongéng di kelas VII SMP. Jadi, bisa dicindekkeun yén ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun; (1) struktur carita dina dongéng *Dalem Boncél, Malin Kundang*, jeung *Nini Kudampai* nu ngawengku téma, galur, latar, jeung palaku; (2) babandingan struktur dina dongéng *Dalem Boncél, Malin Kundang*, jeung *Nini Kudampai*; (3) ajén atikan karakter *Dalem Boncél, Malin Kundang*, jeung *Nini Kudampai*; (4) larapna hasil panalungtikan saupama dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca dongéng di Kelas VII SMP.

Téma dongéng *Dalem Boncél, Malin Kundang*, jeung *Nini Kudampai* téh nya éta budak doraka. Galur nu digunakeun dina unggal dongéng nya éta mérélé (*alur lurus*). Latar-latar nu kapanggih dina unggal dongéng béda-béda, dina dongéng *Dalem Boncél* kapaluruh 27 latar tempat, 27 latar waktu, jeung dua latar sosial, dina dongéng *Malin Kundang* kapaluruh aya 10 latar tempat, 15 latar waktu, jeung dua latar sosial, nu pamungkas dina dongéng *Nini Kudampai* kapaluruh aya 26 latar tempat, 28 latar waktu, jeung dua latar sosial.

Babandingan struktur carita dongéng *Dalem Boncél, Malin Kundang*, jeung *Nini Kudampai* teu pati jauh béda, lantaran ieu tilu dongéng téh miboga inti carita nu sarua nya éta hiji budak lalaki anu ninggalkeun leemburna pikeun néang

kipayah jeung sanggeusna jadi jalma makmur manéhna poho ka kolotna sorangan, malahan mah embung ngaku kolotna sorangan dilantarankeun ku rasa éra ningali kolot lain sadarajat jeung dirina. Kulantaran paripolahna éta, sakabéh palaku utama téh meunang wawales lantaran disupata ku kolotna.

Ajén atikan karater nyoko kana ajén atikan karakter budaya jeung bangsa nurutkeun Kemendiknas, dina dongéng *Dalem Boncél*, *Malin Kundang*, jeung *Nini Kudampai* kapaluruh aya 9 ajén atikan karakter, nya éta *religius, disiplin, kerja keras, kreatif, mandiri, rasa ingin tahu, komunikatif, gemar membaca, jeung peduli sosial*.

Patali jeung bahan pangajaran, dongéng *Dalem Boncél*, *Malin Kundang*, jeung *Nini Kudampai* nyumponan kana kritéria dina milih jeung nyusun bahan pangajaran, sabab euyeub ku ajén-ajén nu bisa mangpaat tur jadi conto pikeun kahirupan siswa sapopoé. Contona waé ajén atikan karakter, nu bisa jadi cecekelan, boh pikeun guru, boh pikeun murid sangkan dilarapkeun dina kahirupan sapopoé.

## 5.2 Implikasi jeung Rekomendasi

Tina hasil panalungtikan, aya sababaraha saran jeung rékomendasi pikeun ngaronjatkeun kamekaran sastra hususna dongéng. Ieu saran jeung rekomendasi téh pikeun sababraha pihak, nya éta pamaréntah, guru, mahasiswa, panalungtik satuluyna, jeung masarakat umum.

1. Pamaréntah. Dipiharep ieu hasil panalungtikan téh bisa jadi tarékah dina nungkulan pasualan karakter bangsa, utamana di kalangan barudak rumaja. Ngaliwatan bahan bacaan anu hadé sarta miboga ajén-ajén nu hadé, dipiharep nu maca bisa nyokot hal-hal anu sipatna hadé sarta bisa nyingkahan sipat nu goréng.
2. Guru. Guru dipiharep bisa numuwuhkeun karep barudak dina macaan karya sastra, hususna dongéng. Ku lantaran dongéng téh kacida euyeub ku hal-hal anu sipatna hadé pikeun eunteung dina ngalakonnan kahirupan. Salian ti kitu, dipiharep hasil tina ieu panalungtikan bisa dijadikeun salah sahiji alternatif bahan pangajaran maca dongéng, hususna di kelas VII SMP.

3. Mahasiswa. Pikeun mahasiswa dipiharep ieu hasil panalungtikan téh bisa jadi sumber réferénsi dina kagiatan perkuliahan, hususna anu aya patalina jeung ulikan stuktural, ulikan babandingan karya sastra, jeung ulikan atikan karakter.
4. Panalungtik satuluyna. Dipiharep kahareupna bakal aya panalungtikan anu sipatna leuwih jero dina nganalisisna, hususna dina panalungtikan babandingan karya sastra. Salian ti kitu, panalungtikan ieu bisa dituluykeun dina hal pangajaran anu engkèna jadi panalungtikan kuantitatif.
5. Masarakat umum. Dipiharep bisa silih gawé bareng dina hal nyingkahan ruksakna karakter bangsa. Salah sahijina dina upaya ngabiasakeun kabiasaan maca ka barudak. Salian ti kitu, dipiharep supaya budaya dongéng di masarakat urang téh ulah nepi ka dipopohokeun, kulantaran memang dongéng téh kacida euyeub ku rupa-rupa ajén.